

## Sijè: Konsèy Jistis Anviwònman an – Reyinyon Vityèl/Anliy – 4 Desanm, 2025

Chè Moun ki Gen Enterè/Antèt Jistis Anviwònman,

Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman (EEA) a ap konvoke Konsèy Jistis Anviwònman an (EJC) pou pwochen reyinyon li a nan dat **4 Desanm 2025 a 6:30 pm (EST)**. Manm konsèy yo pral chita pale sou Ajanda Abòdabilite Enèji. N ap rezève yon lè espesyal nan reyinyon an pou piblik la fè kòmantè jeneral.

**Tanpri. Itilize lyen sa a pou w ka enskri nan reyinyon an:**

[https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN\\_Re5yAGavTRa7fRxPe4v2WA](https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN_Re5yAGavTRa7fRxPe4v2WA)

**Lojisye.** Reyinyon sa a pral fèt vityèl/anliy sou Zoom. Nou swete reyinyon an ap dire 90 minit.

**Sipò Entèpretasyon** N ap gen entèpretasyon vityèl nan lang sa yo Espanyòl, Pòtigè, Mandaren, Vyetnamyen, Kreyòl Ayisyen, ak Lang Siy Ameriken (ASL). Si w ap bezwen sèvis entèpretasyon nan yon lang espesifik, oswa nenpòt lòt akomodasyon, tanpri ajoute demann sa a nan yon imèl voye bay [meetings@erg.com](mailto:meetings@erg.com). Ou dwe voye demann ou an 48 èdtan avan lè reyinyon an ap kòmanse a. Pou jwenn enfòmasyon sa a an gwo karaktè an Anglè oubyen an Bray (ti pwen pou moun ki pa wè nan je), rele nan 1-877-623-6765. TTY: 1877-623-7773.

**Lwa Reyinyon Piblik la.** Konsèy EJ a fonksyone anba Lwa Reyinyon Piblik la

[<https://www.mass.gov/the-open-meeting-law>] epi akeyi manm piblik la ki vl eobsève reyinyon fòmèl yo. Pandan reyinyon an, yon obsèvatè ka ka reponn/adrese yon kòmantè oswa yon kesyon yo poze Konsèy EJ a avèk pèmasyon Prezidan an.

**Plis Enfòmasyon Sou EJC:** Gouvènè a nonmen EJC a pou konseye epi bay Sekretè EEA a rekòmandasyon sou règleman ak estanda ki enpòtan pou reyalize prensip jistis anviwònman an. Lalwa leta a defini prensip sa yo kòm "prensip ki sipòte pwoteksyon kont polisyon anviwònman an ak kapasite pou viv nan epi jwi yon anviwònman pwòp epi ki an sante, kèlkeswa ras, koulè, revni, klas sosyal, dezabilite/andikap, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal, etnisite oswa zansèt, kwayans relijye oswa konpetans yon moun nan lang Anglè, sa ki enkli: (i) patisipasyon enpòtan tout moun anrapò ak devlopman, aplikasyon ak aplikasyon lwa, règleman ak règleman anviwònman yo, sa ki enkli règleman sou chanjman klima; ak (ii) distribisyon ekitab benefis enèji ak anviwònman yo ak chay anviwònman yo." Lwa a endike nan Seksyon 62L nan lyen sa a:

[<https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8>].

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou EJC a, ajanda pwochen reyinyon yo, ak anrejistreman ansyen reyinyon yo isit la: <https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council>. Tanpri, klike sou “Chwazi Lang” sou bò dwat anlè tèt paj wèb la pou w tradui paj la.

Mèsi,

María Belén Power  
Sou-Sekretè Jistis ak Ekite Anviwònman an  
Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman